



PREPARASYON AK REPONS A MEZI KONTWÒL IMIGRASYON NAN MAINE

Prepare pou yon rankont ak ICE

- Kijan pou m prepare m pou yon rankont ak ICE? [Konnen dwa w yo: Si w rankontre ak ICE](#)
- Kijan m ka prepare nan travay mwen an pou yon rankont [Kisa pou w fè si imigrasyon vini nan travay ou](#)
- Kijan m ka prepare m si m ap travay nan yon lekòl, yon kote m ap fè atelye, yon sant swen sante oswa yon abri? [Lis verifikasyon pou konnen dwa w yo: Gid pou swen sante, abri, klerje, edikasyon](#)
- Pou plis konsèy sou preparasyon, ki gen ladan planifikasyon famiyal ak finans ale sou sit sila: [Sant Resous Imigran nan Maine](#)

Temwen yon rankont ICE

- Kisa mwen bezwen konnen si mwen vle filme yon arestasyon oswa yon rankont ICE? [Filme Imigrasyon Aplikasyon lalwa nan peyi Etazini](#)
- Kijan pou m rapòte yon aksyon ICE oswa Patwouy Fwontye a? [Rele liy dirèk MIRC ICE Watch la nan \(207\) 544-9989](#)
- E si mwen kwè ICE oswa Patwouy Fwontye a vyole dwa mwen oswa dwa yon lòt moun? Ranpli [fòm sila](#).

Sipòte yon moun ki nan atansyon ICE a

- E si yo kenbe yon moun pwòch mwen? [Konnen dwa ou: Kisa pou w fè si yo kenbe/arete ou menm oswa yon moun pwòch ou](#)
- Kijan m ka jwenn moun pwòch mwen ki nan prizon? [Swiv kote moun nan ye a](#)
- E si moun pwòch mwen an nan Prizon Konte Cumberland (ME), nan Prizon Rejyonal Two Bridges (ME), oswa nan Sant Koreksyonèl Konte Strafford (NH)? Ranpli [fòm sila](#)
- E si moun pwòch mwen an nan prizon nan Sant Koreksyonèl Konte Plymouth (MA) oswa nan Sant Detansyon Wyatt (RI)? Ranpli [fòm sila](#)
- Kijan mwen menm oswa yon moun mwen konnen ki nan prizon, ka jwenn èd finansye (depo, garanti, kantinn, elatriye)? Ale sou sit [Sant Resous Imigran nan Maine](#)

Pou plis enfòmasyon ak resous, ale sou sit [Sant Resous Imigran nan Maine](#) nan Maine Immigrants' Rights Coalition (Kowalisyon pou Dwa Imigran nan Maine). Gade enfòmasyon sa a ak lyen ki mennen nan resous sa yo sou sit [ACLUMaine.org/PreparingForICE](#).